

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode nyaéta léngkah-léngkah pikeun méréskeun hiji pasualan. Métode asalna tina basa Yunani “*methodos*” anu hartina cara atawa jalan. Maksudna nyaéta métode mangrupa cara gawé pikeun meunangkeun pamahaman tina objék anu jadi sasaran élmu, miboga hubungan atawa patali ma’na (Koentjaraningrat, 1979, kc. 16).

Métode anu digunakeun kudu sistematis sangkan kahontal hasil anu saluyu jeung udaganana. Métode anu sistematis bisa mantuan panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana. Panalungtik ogé ngarasa leuwih gampang jeung ngajalur ku sabab teu méngpar tina galur atawa watesan nu geus dijieun. Métode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data jeung udagan anu tangtu (Sugiyono, 2019, kc. 2).

Cara meunangkeun pangaweruh atawa métode panalungtikan kudu saluyu jeung fakta ayana objék anu pakait. Ayana objék téh dipaluruh tina konsép, tiori, jeung wangenan-wangenan anu aya dina hipotésis ogé varibel-variabel anu ditangtukeun tina dasar panalungtikan. Ku kituna, saacan ngalaksanakeun panalungtikan urang kudu nangtukeun kodrat ayana objék anu rék ditalungtik (Faruk, 2015, kc. 23).

Aya dua métode panalungtikan disawang tina cara gawé nyaéta métode kualitatif jeung métode kuantitatif. Métode kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu sifatna natural, saluyu jeung kaayaan anu saenyana. Sedengkeun métode kuantitatif mah nyaéta métode panalungtikan anu digunakeun pikeun maluruh populasi atawa *sample* nu tangtu, hasilna mangrupa data dina wangun angka atawa data anu sipatna bisa diitung. Pikeun ngajawab rumusan masalah, diperlukeun *hipotesis* atawa *praduga sementara* anu satuluyna dipaluruh dumasar kana data di lapangan.

Métode panalungtikan kuantitatif miboga dadasar tina filsafat positivisme, digunakeun pikeun nalungtik populasi jeung *sample* anu tangtu, data dikumpulkeun ngagunakeun instrumén panalungtikan, analisis datana miboga sipat statistik,

miboga tujuan pikeun nguji hipotésis anu geus ditetepkeun. Sedengkeun métode panalungtikan kualitatif sok disebut métode panalungtikan naturalistik ku sabab dilaksanakeun dina kondisi anu alamiah; disebut ogé métode étnografi ku sabab baheula leuwih loba digunakeun pikeun panalungtikan antropologi budaya; disebut métode kualitatif ku sabab data anu kakumpul jeung analisisna miboga sipat kualitatif (Sugiyono, 2019, kc. 16-17).


Saluyu jeung anu dipedar, dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode kualitatif ku sabab sipatna natural, dilaksanakeun dina kondisi alamiah saluyu jeung fakta tur kaayaan anu saenyana ti informan utama. Tujuanana pikeun meunangkeun data ilmiah, utamana mah bisa meunangkeun data asli ti Yus Wiradiredja salaku pangarang utama dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*. Data pangrojong ti sababaraha informan nu séjénna ogé diperlukeun pikeun nguatkeun data jeung hasil panalungtikan. Dina ieu bab, leuwih telebna ngaguar désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

### 3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa gambaran umum tina léngkah-léngkah pikeun ngalaksanakeun panalungtikan. Désain panalungtikan dilaksanakeun ti nangtukeun jeung ngawatesan masalah, nangtukeun métode panalungtikan, laju kana nangtukeun instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

Dituluykeun kana ngumpulkeun data panalungtikan ku cara studi pustaka, observasi, wawancara jeung studi dokuméntasi. Sanggeus meunangkeun data, tangtu kudu diolah jeung ditapsirkeun heula sangkan bisa ditarima ku nu macana. Geus bérés diolah jeung ditapsirkeun, laju dicindekeun tuluy bisa nyusun laporan tina hasil di lapangan.

Désain panalungtikan dijieun sangkan panalungtik teu baluweng dina ngalaksanakeun panalungtikan. Hasil panalungtikan ogé bakal sajalan jeung rarancang anu geus dijieun, hartina moal méngpar tina watesan masalah nu ditalungtik. Ieu bagan mangrupa gambaran atawa désain panalungtikan anu baris dilaksanakeun ku panalungtik.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka, observasi, wawancara, jeung studi dokuméntasi.

#### 3.2.1.1 Studi Pustaka

Studi pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data tina sumber lianna saperti buku, artikel ilmiah, jeung sakabéh data anu ngarojong kana panalungtikan. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta (1) maca sakabéh référénsi saperti buku, artikel ilmiah, jeung karya tulis nu patali jeung panalungtikan, (2) maca jeung nalaah sacara gembheng sumber data anu jadi bahan panalungtikan nyaéta rumpaka kawih album *Rawayan Cinta*; (3) nyirian bahan bacaan anu rék digunakeun dina panalungtikan. Ku ayana kagiatan studi pustaka, bisa ngamekarkeun tiori panalungtikan, bisa ogé ngarumuskeun masalah langsung atawa nyampurnakeun rumusan masalah anu geus dijieun samémehna (Semi, 1993, kc. 11).

#### 3.2.1.2 Observasi

Observasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data ku cara niténan langsung ka lapangan, kumaha kaayaan anu saenyana leupas tina klarifikasi jeung déskripsi jalma-jalma patali jeung karyana anu satuluyna diwewegan ku kagiatan wawancara. Nurutkeun Sugiyono (2019, kc. 203), bédana observasi jeung wawancara atawa kuésionér téh kaciri tina cara komunikasi. Anapon wawancara jeung kuésionér mah pasti komunikasi langsung jeung jalma anu dituju, sedengkeun observasi mah teu kawatesanan ku jalmana, tapi ogé obyék-obyék alam anu séjénna.

#### 3.2.1.3 Wawancara

Wawancara nyaéta téhnik ngumpulkeun data primer atawa langsung ti narasumberna. Wawancara biasa disebut ogé *interview*. Wawancara dilaksanakeun ku cara ngajukeun kalimah pananya anu patali jeung panalungtikan. Tujuanana sangkan panalungtik bisa mikanyaho leuwih teleb ngeunaan data anu dibutuhkan, utamana dina prosés kréatif jeung kasang tukang kahirupan anu patali jeung karyana.

Aya sababaraha kaonjoyan tina wawancara atawa *interview*, nyaéta ku ayana kagiatan wawancara, panalungtik bisa mikanyaho: (1) rasa, emosi, motivasi, harepan, jeung kaayaan batiniah réspodén anu nyamuni, jeung (2) kajadian jaman bihari anu dipikanyaho ku réspodén nu kamungkinan moal kajadian deui (Alwasilah, 2015, kc. 107).

Dina ieu panalungtikan, kecap ‘réspodén’ bisa diganti ku kecap ‘*informan*’ ku sabab informasi bisa dimeunangkeun ku cara ngawawancara hiji jalma anu mémang ahli dina widangna atawa aya patalina jeung bahan anu ditalungtik. Bédana jeung réspodén nyaéta réspodén mah sipatna leuwih ti saurang (loba), meunangkeun jalmana ogé bisa sacara acak (*random*). Biasana digunakeun dina meunangkeun data ngaliwatan kuésioner.

#### **3.2.1.4 Studi Dokuméntasi**

Studi dokuméntasi penting pisan dina ngalaksanakeun panalungtikan. Studi dokumémntasi mangrupa panglengkep tina kagiatan observasi jeung wawancara dina panalungtikan kualitatif (Sugiyono, 2019, kc. 314). Ku ayana studi dokuméntasi, hasil panalungtikan leuwih krédibel atawa bisa dipercaya ku nu maca sabab nembongkeun ka-*orisinil*-an data panalungtikan. Studi dokuméntasi bisa ngaliwatan gambar, sajarah pribadi, autobiografi jeung transkripsi rékaman *audio* atawa *vidéo* salila panalungtikan nu eusina mangrupa data-data anu diperlukeun pikeun panalungtikan.

#### **3.2.2 Téknik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Data anu geus dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy diolah ku cara niténan deui data anu geus kakumpul (mariksa validitas data, kalengkepan data, jsb.), jeung tabulasi (nyieun papasingan data dumasar kana gundukanana jeung nyaluyukeun data kana téhnik nu rék digunakeun).

### **3.3 Instrumén Panalungtikan**

Instrumén nyaéta alat pikeun ngarojong lumangsungna panalungtikan. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan aya dua nyaéta instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan pikeun ngolah data. Instrumén panalungtikan pikeun ngumpulkeun data nyaéta format

tabél observasi, padoman wawancara, alat rékam jeung kaméra. Anapon instrumén pikeun ngolah jeung nyieun analisis data nyaéta kartu data.

### 3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngumpulkeun data bisa mantuan panalungtik pikeun leuwih gampang ngumpulkeun sakabéh bahan anu diperlukeun dina panalungtikan boh ti narasumber, boh tina hasil niténan langsung. Instrumén pikeun ngumpulkeun data panalungtikan anu digunakeun nyaéta kartu data, format tabél observasi, padoman wawancara, alat rékam jeung kaméra.

#### 3.3.1.1. Kartu Data (Ngumpulkeun)

Kartu data nyaéta salasihiji instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngokolakeun data nu geus kakumpul laju dianalisis. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data struktur jeung kartu data éksprésif. Kartu data struktur digunakeun sangkan panalungtik leuwih gampang ngumpulkeun jeung nganalisis data nu patali jeung unsur struktural rumpaka kawih dumasar kana pamarekan I.A Richard jeung Alton C. Morris nyaéta struktur lahir jeung struktur batin. Anapon kartu data éksprésif digunakeun sangkan panalungtik leuwih gampang nganalisis data nu patali jeung unsur éksprésif pangarang laju dipatalikeun kana prosés kréatifna.

#### 1) Format Tabél Struktur Lahir

Tabél 3.1 Diksi dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd)	Diksi	Cutatan

Tabél 3.2 Imaji dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd/Pdl)	Imaji (Panénjo, Pangdégé, Pangambeu, Pangrasa, Gerak)	Cutatan

Tabél 3.3 Kecap Kongkrit dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd/Pdl)	Kecap Kongkrit	Cutatan

Tabél 3.4 Gaya Basa dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd/Pdl)	Gaya Basa	Cutatan

Tabél 3.5 Purwakanti dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd/Pdl)	Purwakanti	Cutatan

## 2) Format Tabél Struktur Batin

Tabél 3.6 Téma dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd)	Téma	Cutatan

Tabél 3.7 Nada dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd)	Nada	Cutatan

Tabél 3.8 Rasa dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd)	Rasa	Cutatan

Tabél 3.9 Amanat dina Rumpaka Kawih album *Rawayan Cinta*

No.	Kode Data (J/NU/Pd)	Amanat

Katerangan kode data:

- (1) J : Judul Kawih
- (2) NU : Nomer Urut Kawih
- (3) Pd : Pada
- (4) Pdl : Padalisan

### 3.3.1.2. Tabél Observasi

Tabél observasi digunakeun pikeun mantuan panalungtik dina ngumpulkeun data hasil niténan langsung boh tina ngadéngékeun sakabéh kawihna, boh tina niténan langsung kahirupan pangarang sapopoé.

Tabél 3.10 Format Tabél Observasi Unsur Éksprésif Pangarang

No.	Rumusan Masalah	Hasil Observasi	Katerangan	
			O	T
1.	Kontéplasi			
2.	Spontanitas			
3.	Intuisi			
4.	Pangalaman			
5.	Intelegénsi			
6.	Integrasi			
7.	Kapribadian			
8.	Émosi			
9.	Konsép seni			
10.	Kakuatan batin			
11.	Imajinasi			
12.	Rasa			



### 3.3.1.3. Padoman Wawancara

Padoman wawancara eusina mangrupa runtuyan pertanyaan nu bakal ditanyakeun ka narasumber patali jeung bahan anu dibutuhkeun pikeun panalungtikan. Tujuanana sangkan bisa maluruh data ti narasumber kalawan lancar. Eusi dina padoman wawancara nyaéta galuring hirup Yus Wiradiredja, kalungguhan sosial Yus Wiradiredja, pangalaman nyieun karya, unsur-unsur éksprésif Yus Wiradiredja, prosés kréatif dina nyieun rumpaka kawih dina album *Rawayan Cinta*, jeung pamadegan Yus Wiradiredja kana dunya sastra jaman kiwari. Dina sababaraha jejer pertanyaan nu disebutkeun, aya sababaraha jumlah poko-poko pertanyaan anu dipaluruh dina ieu tabél.

Tabél 3.11 Padoman Wawancara

No.	Jejer Pertanyaan	Poko-poko pertanyaan
1	Galuring hirup Yus Wiradiredja.	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Tempat, ping gumelar.</li> <li>2. Pangalaman nu mangaruhan kana karya sastra.</li> <li>3. Pangalaman atikan.</li> <li>4. Pangajén nu pernah dicangking.</li> </ol>
2	Kalungguhan sosial Yus Wiradiredja.	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kalungguhan salila nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>2. Pangaruh kalungguhan kana karya sastra.</li> </ol>
3	Pangalaman nulis.	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Sajarah pangalaman nulis.</li> <li>2. Karya sastra nu ditulis mimiti.</li> <li>3. Judul karangan mimiti.</li> <li>4. Kamandang ngeunaan pangaruhna bakat kana prosés nulis.</li> <li>5. Jumlah karya nu dipedalkeun.</li> </ol>

No.	Jejer Pertanyaan	Poko-poko pertanyaan
4	Unsur-unsur ékspresif nu mangaruhan karya Yus Wiradiredja.	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ide pokok nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>2. Kasang tukang nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>3. Sajarah resep nyieun karya kawih.</li> <li>4. Pangalaman hasil diajar di bangku sakola.</li> <li>5. Pangalaman diskusi.</li> <li>6. Pangalaman jadi pangjejer.</li> <li>7. Rasa kana pangalaman nu dicaritakeun.</li> <li>8. Pamakéan mamamis basa.</li> <li>9. Cara nepikeun pangalaman.</li> <li>10. Pamakéan imajinasi dina rumpaka kawih.</li> <li>11. Alesan ngangkat téma nu aya dina rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>12. Kamandang ngeunaan album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> </ol>
5	Prosés kréatif nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i> .	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Cara ngatur waktu dina kahirupan sapopoé.</li> <li>2. Kabiasaan nu dilakukeun saacan nulis.</li> <li>3. Cara nyiptakeun suasana dina nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>4. Nu ngailhaman nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> <li>5. Waktu pikeun nulis karya sastra nepi ka medal.</li> <li>6. Kritik kana rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i>.</li> </ol>

No.	Jejer Pertanyaan	Poko-poko pertanyaan
		7. Patalina tema jeung pangalaman. 8. Bangbaluh dina nyieun rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i> . 9. Parobahan nu kaalaman.
6	Pamadegan Yus Wiradiredja kana dunya sastra jeung seni jaman kiwari.	1. Rancangan nyieun rumpaka kawih atawa karya sastra ka hareupna. 2. Kamandang kana kahirupan karya seni jeung sastra Sunda. 3. Harepan kana dunya seni jeung sastra Sunda. 4. Harepan ka pangarang ngora.

Tabél 3.12 Kartu Data Informan

Data Informan	
Wasta	:
Umur	:
Wanda Rarangan	:
Pakasaban	:
Kalungguhan	:
Atikan	:
Padumukan	:

#### 3.3.1.4. Alat Rékam jeung Kaméra

Alat rékam jeung kaméra jadi instrumén penting anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngarékam audio jeung vidio ogé motrét gambar salila kagiatan wawancara lumangsung. Tujuanana sangkan euweuh data anu kapopohokeun atawa data anu leungit. Ieu hal ogé bisa ningalikeun kaorisinilan data panalungtikan. Alat rékam anu digunakeun nyaéta alat rékam audio dina *handphone* jeung *laptop*. Kaméra anu digunakeun ogé kaméra tina *handphone* atawa kamera DSLR. Kaméra ngarojong pisan kana kalumangsungan studi dokuméntasi. Panalungtikan bisa dipercaya alatan ayana hasil foto atawa vidio ngagunakeun kaméra. Kaméra ogé bisa jadi instrumén cadangan bisi sawaktu-

waktu alat rékam anu séjén aya bangbaluh dina prakna digunakeun pikeun panalungtikan, kitu ogé sabalikna.

### 3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data bisa mantuan panalungtik pikeun leuwih gampang ngalaksanakeun analisis tina data-data anu geus kakumpul. Instrumén pikeun nganalisis atawa ngolah data panalungtikan anu digunakeun nyaéta kartu data.

#### 3.3.2.1. Kartu Data (Ngolah)

Format kartu data anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu.

Tabél 3.13 Kartu Data Analisis Struktur Lahir Rumpaka Kawih

Analisis Struktur Lahir
Diksi
Judul : Sampurasun
Sampurasun SAM/01/03/01
Diksi nu digunakeun ku pangarang dina rumpaka kawih nu judulna “Sampurasun” nya éta kecap sampurasun. Kecap sampurasun biasa digunakeun pikeun nanya ( <i>menyapa</i> ) ka individu séjén atawa jelema réa. Ieu kecap biasana jadi kecap panutur atawa gaganti salam. Dina kamus Danadibrata (2015, kc. 604), kecap sampurasun téh ringkesan tina kecap-kecap “sampura sapun” anu hartina hampura kuring, punten. Dina ieu sajak, kecap sampurasun digunakeun pikeun salam (kasalmetan) ka dulur-dulur urang Sunda.

Tabél 3.14 Kartu Data Analisis Struktur Batin Rumpaka Kawih

Analisis Struktur Batin
Téma
Judul : Hujan Poyan
Nungguan Kabagjaan nu Bakal Datang HP/04/02
Téma dina ieu rumpaka kawih téh nyaéta nungguan kabagjaan nu bakal datang. Katitén tina rumpaka kawih anu nyaritakeun ngeunaan hiji jalma anu kesel nungguan lalaki anu dipikacintana teu datang waé. Pajarkeun moal nepungan, sihoréng éta lalaki téh datang. Ti dinya kacipta bagja hiji awéwé anu nungguan lalaki nu dipikacintana téh hasil.

Salian ti analisis struktur batin anu mangrupa téma saperti dina tabél tadi, aya ogé analisis struktur batin anu mangrupa rasa. Katitén saperti dina ieu tabél.

Analisis Struktur Batin
Rasa
Judul : Ilangna Kahéman
Hanas abdi ngantos ti kapungkur, kalbu abdi téh ajur (Rasa Hanjakal) IK/03/03
Kalimah “Hanas abdi ngantos ti kapungkur, kalbu abdi téh ajur” ngabalukarkeun pamaca atawa pangregep kawih téh ngarasa hanjakal.

Tabél 3.15 Kartu Data Unsur Éksprésif Kawih Sampurasun (SAM/01)

<b>KARTU DATA ÉKSPRÉSIF</b>	
Cutatan unsur-unsur éksprésif pangarang dina rumpaka kawih album <i>Rawayan Cinta</i> anu judulna <i>Sampurasun</i> (SAM/01).	
Analisis	
<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kontémplasi,</li> <li>2. Spontanitas,</li> <li>3. Intuisi,</li> <li>4. Pangalaman,</li> <li>5. Intelegénsi,</li> <li>6. Integrasi</li> <li>7. Kapribadian,</li> <li>8. Émosi,</li> <li>9. Konsép seni,</li> <li>10. Kakuatan batin,</li> <li>11. Imajinasi,</li> <li>12. Rasa,</li> </ol>	
Dicutat tina sawangan Chyé Rétyy Isnéndés dina buku “Teori Sastra” (2013, kc.11).	

### 3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.4.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh informasi tina hasil panalungtikan anu ngawengku struktur lahir puisi jeung struktur batin puisi dina rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* karya Yus Wiradiredja, 12 faktor méntal anu mangaruhan pangarang dina lumangsungna nyieun karya (kontémplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa) jeung téhnik atawa tahapan prosés kréatif pangarang. Ieu mangrupa tabél data panalungtikan anu ngawengku 8 (dalapan) judul kawih nu aya dina album *Rawayan Cinta*.

Tabél 3.16 Data Rumpaka Kawih Album *Rawayan Cinta*

No.	Judul Kawih	Jurusanggi	Pangarang Rumpaka	Kode Kawih (J/NU)
1.	Sampurasun	Dida Frilyana Sunda	Yus Wiradiredja	SAM/01
2.	Sintrén	Yus Wiradiredja (Aransemén)	NN	SIN/02
3.	Ilangna Kahéman	Yus Wiradiredja	Yus Wiradiredja	IK/03
4.	Hujan Poyan	Yus Wiradiredja	Dian Hendrayana	HP/04
5.	Tembang Talatah	Yus Wiradiredja	Yus Wiradiredja	TT/05

No.	Judul Kawih	Jurusanggi	Pangarang Rumpaka	Kode Kawih (J/NU)
6.	Dua Sarasa	Dede Risnandar & Desta Mulyanti	Yus Wiradiredja	DS/06
7.	Rawayan Cinta	Yus Wiradiredja	Yus Wiradiredja	RC/07
8.	Bandung Dayeuh Indung	Yus Wiradiredja	Yus Wiradiredja	BDI/08

Keterangan kode kawih:

(1) J : Judul Kawih

(2) NU : Nomer Urut Kawih

### 3.4.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta sagala rupa référénsi nu ngarojong kana ieu panalungtikan saperti dokumén, buku-buku, artikel jurnal, jeung média séjénna nu patali jeung panalungtikan. Anapon sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta album *Rawayan Cinta* karya Yus Wiradiredja.

### 3.4.3 Narasumber

Narasumber dina ieu panalungtikan nyaéta pangarang inti rumpaka kawih album *Rawayan Cinta* nu dijadikeun sumber data. Pangarang anu séjénna bisa jadi



Gambar 3. 1 Foto Yus Wiradiredja

narasumber tambahan pikeun ngalengkepan data.

**Dr. H. Mohamad Yusuf Wiradiredja, S.Kar., M.Hum.**, lahir di Cianjur 5 April 1960. Putra teges R. Hanafiah jeung R. Mardiati. Yus lahir tina kasang tukang kulawarga seniman, hususna seni tembang Sunda Cianjuran. Teu héran, Yus miboga kualitas sora anu hadé. Katitén tina lobana préstasi jeung karya anu teu sagawayah dijieun. Ti SD kénéh Yus geus miboga préstasi, salasihijina Juara 1 Kawih Sunda tingkat SD sa-Jawa Barat taun 1971. Ku kréatifna Yus dina widang seni Sunda,

taun 2014 Yus dilélér Anugrah Inovasi Jawa Barat karya Inovatif “*Pupuhu Raéhan*” ti Gubernur Jawa Barat anu ngajabat dina éta période.

Mimiti nyuprih pangarti taun 1966 di SD Negeri Ibu Dewi II, Cianjur. Dituluykeun sakolana ka SMPN 1 Cianjur. Ti dinya, sakolana dituluykeun deui ka SPGN Cianjur nepi ka lulus taun 1979. Sanggeus bérés nyuprih élmu di bangku sakola, Yus nuluykeun kuliah pikeun jadi Sarjana Muda di ASTI Bandung taun 1983 dituluykeun ka Sarjana (S1) di STSI Surakarta taun 1987-1989. Taun 1996, Yus nuluykeun kuliah S2 di Universitas Gadjah Mada nepi ka lulus taun 2000. Teu nepi ka S2 hungkul, Yus ogé nuluykeun ka S3 di Universitas Padjajaran taun 2008 nepi ka lulus taun 2012.

Préstasi séjén anu kungsi dicangking, hususna dina dunya seni Sunda nyaéta Juara 1 Tembang Sunda Saodah Cup sa-Jawa Barat (1974), Finalis lagu-lagu Bing Slamet sa-Jawa Barat (1976), Juara 1 *Pop Singer* sa-Kabupatén Cianjur (1978), Juara 1 Tembang Sunda Cianjuran sa-Jawa Barat jeung DKI (1984) nu diayakeun ku Daya Mahasiswa Sunda (DAMAS), Penghargaan “*Vokalis Pria Terbaik*” ti *Music Award STIMB* (2005), jrrd. Ku kaparigelanana, Yus Wiradiredja bisa ngalanglang ka nagri deungeun saperti Belanda, Perancis, Australia, jeung Arab Saudi. Ti dieu mah katangén pisan Yus Wiradiredja téh miboga “sora emas”.

Salian ti kasibukanana jadi dosén program studi Karawitan di ISBI Bandung, kaayeunakeun Yus leuwih loba nyanggi tur ngarang rumpaka utamana saprak ancrub ka Daséntra pimpinan Ubun R. Kubarsah. Yus miboga sababaraha grup musik salasahijina grup musik Sanggita anu ngawanohkeun kawih-kawih Sunda album *Rawayan Cinta*.

### **3.5 Prosedur Panalungtikan**

Panalungtikan kudu dilaksanakeun saluyu jeung prosedur atawa alur anu geus dijieun. Prosedur panalungtikan anu geus dijieun ku panalungtik téh ngawengku:

#### **1) Tatahar**

Tatahar dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah ku cara nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah jeung métode panalungtikan. Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, laju ngumpulkeun data. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Sabada data kakumpul, laju nganalisis struktur puisi rumpaka kawih nu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, purwakanti, téma, rasa, nada, jeung amanat. Dina ieu

panalungtikan ogé maluruh unsur éksprésif kalawan nyoko kana 12 faktor méntal pangarang anu ngawengku kontémplasi, spontanitas, intuisi, pangalaman, intelegénsi, integrasi, kapribadian, émosi, konsép seni, kakuatan batin, imajinasi, jeung rasa. Ieu hal téh bisa mangaruhan kana prosés kréatif pangarang dina nyieun rumpaka kawih. Sabada meunangkeun data, laju kana prosés nulis.

## **2) Prosés Nulis**

Dina prosés nulis, panalungtik ngolah data anu geus kakumpul pikeun dijieun jadi lima bab laju dilaporkeun unggal bab ka dosén pembimbing. Ieu hal mangrupa tarékah pikeun ngarévisi bahan jeung tulisan anu kurang merenah. Sabada ngolah data jadi hasil jeung pedaran panalungtikan, laju nyieun kacindekan.

## **3) Kacindekan**

Kacindekan dijieun sangkan pamaca bisa gancang maham kana hal-hal inti anu aya dina ieu panalungtikan. Kacindekan dijieun saluyu jeung rumusan masalah, udagan jeung judul dina ieu panalungtikan.